No. 47 21 November 1930 Taoen 10.

RAGAD ADVERTENTIE:
Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.— Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.
Advertentie limrah: f 0,15 sagaris: (apes: f 1.25). Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:
A. DJAJASEPOETRA.
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA
SERAT KABAR KATHOLIEK
Medal saben dinten Djoemoewah.

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA TAMA

1 taoen . . .	f 6,—	njoewoen kabajar roemijin.
½ „ . . .	f 3,—	
3 woelan . . .	f 1,50	

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**
IGNATIUS-COLLEGE
DJOKJAKARTA.
Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

ISINIPOEN:
Balé Agoeng ing tanah kedjawèn — Katoer sadèrèk Tjiptamaja — Dradjadipoen randaning prijantoen kaoem boeroeh Indonesia — Sambet rembag — Ing sapoetjaking panggoeng Economie — Wawasan bab kasoesastran Dj. — Siti bokongan ing peken Wedi — Saking pakempalan — Ontjèn sekar gambir melati — Oerap-sari — Correspondentie.

PRADJA RAHAJOE.

BALÉ AGOENG ING TANAH KADJAWÈN.

Toeroenan katrangan toemrap rèng-rèngan pranatan bab adegipoen *Balé Agoeng.*

Bab wontenipoen rèng-rèngan pranatan.

Nalika sakiwa tengenipoen taoen 1918, paprèntahan angroemaosi perloenipoen amoepoe padjeg plaatselijke belasting badé kanggé waragad toemrap kaperloean locaal boten anjrambahi ing sedaja wewengkonipoen.

Ada-ada bab ngwontenaken gemeenteraad.

Ingkang kagalih langkoeng prajogi inggih poenika ngwontenaken gemeenteraad toemrap ing bawahing Soerakarta toewin ing bawah Ngajodjakarta.

Sakawitipoen moerih sagedipoen moepoe padjeg plaatselijke belasting, woesananipoen inggih moerih sagedipoen wonten babadan ingkang minangka wawakilipoen tijang isi nagari.

Bab badé ngwontenaken gemeenteraad toemrap ing bawah Soerakarta lan ing bawah Ngajogjakarta, inggih karembag ramé wonten ing Volksraad sarta wosing rembag waoe gemeenteraad kaadjeng-adjeng sageda kaanggep minangka wawakilipoen tijang isi nagari.

Pamrajoginipoen ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soesoehoenan bab ngwontenaken gemeenteraad sarta panjoewoenipoen Boedi Oetama toewin Narpa Wandawa.

Nalika taoen 1919, ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soesoehoenan amrajogèkaken soepados ing Soerakarta dipoenwonteni gemeenteraad, sarta boten dangoe sadèrèngipoen ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soesoehoenan kagoengan pamrajogi waoe, pakempalan Boedi Oetama sarta Narpa Wandawa sami nglairaken pangadjeng-adjengipoen bab wontenipoen gemeenteraad.

Pamanggih warni-warni bab wawasan saoepami Gemeenteraad dipoenwonteni saking Kg. Goepermèn.

Sareng badé adegipoen gemeenteraad saperloenipoen ladjeng noewoehaken wawasan warni-warni.

Mitoeroet wawasan ingkang sakawit Gemeenteraad pantesipoen kedah dipoenwonteni saking Kangdjeng Goepremèn, sarta mawi wawaton, decentralisatie wetgeving, wawasan ingkang sakawit waoe ladjeng dipoenpabeni djalaran wonten pakèwedipoen, kadosta:

Saoepami gemeenteraad saèstoe dipoenwonteni saking Kangdjeng Goepermèn poenika dados wadjibipoen gemeenteraad inggih namoeng bab babagan ingkang taksih dados pangoewaosipoen Kangdjeng Goepermèn, mitoeroet pradjandjian-pradjangdjianipoen para Nata, pramila pranatan saking gemeenteraad waoe boten saged toemindak toemraping kawoelanipoen para Nata, sarta anggènipoen gemeenteraad damel pranatan, sagedipoen katjepeng perloenipoen, inggih angemoengaken manawi para Nata dangan ndawoehaken pranatan ingkang noenggil soeraos, toemraping kawoelanipoen ing kita kradjan nagari.

Bab wawasans aoepami gemeenteraad dipoenwonteni saking para Nata.

Awit ingkang kaseboet ing ngingil waoe ladjeng kagalih sakétjanipoen saoepami gemeenteraad dipoenwonteni saking para Nata.

Bab poenika ladjeng karembag akalijan para Nata, sarta nalika taoen: 1920, Kangdjeng toewan Directeur van Binnenlandsch Bestuur dateng ing Vorstenlanden, angladjengaken rembag bab gemeenteraad waoe ingkang saweg katantoenaken panggalihipoen para Nata.

Bab oesoelipoen Tjipta Mangoenkoesoema, Volksraad nalika taoen: 1920.

Ingkang ndjalari Kangdjeng toewan Directeur van B. B. dateng ing Vorstenlanden poenika saking raménipoen rembag ing Volksraad nalika parepatan ing salebetipoen taoen: 1920, sabab saking oesoelipoen Tjipta Mangoenkoesoema lidipoen Volksraad ingkang angemoe raos andèrèk soepados ing Vorstenlanden dipoenwonteni gemeenteraad.

Datengipoen Kangdjeng toewan Directeur van B.B. ing Soerakarta lan ing Ngajogjakarta perloe ngrembag bab gemeenteraad.

Sareng toewan Directeur Broekveld anjagahi kalajan terang saking keparengipoen Kangdjeng Goepermèn badé dateng Soerakarta sarta Ngajogjakarta perloe ngrembag bab gemeenteraad, oesoelipoen Tjipta Mangoenkoesoema ladjeng kasoewoen sandénipoen.

Awit saking rembagipoen Kangdjeng toewan Directeur Broekveld para Nata wosipoen ladjeng sami kepareng anjondongi bab ngwontenaken gemeenteraad, malah ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soesoehoenan anggènipoen kepareng anjondongi sampoen nalika salebetipoen taoen 1919 sarta bab poenika Kangdjeng Goepermèn inggih ladjeng paring soemerep ing saperloenipoen, nalika parepatanipoen Volksraad ingkang nembé pijambak.

Badé kasambet.

KATOER SADÈRÈK TJIPTAMAJA.

(*Serat kintoenan*).

Noewoen!

Moegi sampoen ndadosaken penggalih. Ing sarèhning koela dèrèng mangertos, taksih godjag-gadjeg anggèn koela badé negesaken, njoemerepi karsa pendjenengan, toemraping orèhan pendjenengan wonten ing taman Sw. Tm. no. 45, tg. 7 Nov. 1930 lembaran no. 2, ingkang atitel Gawat .... awas!!!! minggoe kapengker poenika, wonten pengendika pendjenengan:

Kanggé koela pijambak angetjoelken rembag k a s o e s i l a n kalijan golongan n d j a w i boten wani, djalaran *ngrikoe boten betah dateng kasoesilan* .....!!! Ingkang poenika moegi kaparenga koela njoewoen keteranganipoen, kados-poendi kadjeng pandjenengan toemraping temboeng k a s o e s i l a n toewin g o l o n g a n n d j a w i ing oekara poenika? Awit tetemboengan mekaten, saged oegi ndjalari kawontenan, pengraos, ingkang boten sekétja kanggé golongan ndjawi.

***

Noewoen!

Toemraping ngakatah, temboeng *kasoesilan*, ateges: tandang, tindak, tindak-tandoek ingkang prajogi kanggé oemoem.

Toemraping kita gotrah Katholiek, jèn ngetjoelaken temboeng: *golongan ndjawi*, ateges tijang (golongan) ingkang boten toemoet (nglampahi) agami Katholiek. Dados inggih toemoedjoe dateng golongan Abritan, National, Islam, Mohammadijah, Protestant l. s.p.

Poenapa inggih boten mekaten, noen?

Ingkang poenika, poenapa pengendika pandjenengan waoe: *djalaran ngrikoe = (golongan ndjawi) boten betah dateng kasoesilan*, boten badé damel serik, natoni manahipoen golongan ndjawi ingkang sami karsa toemoet ngoedi dateng kasoesilan ingkang prajogi lan karsa nandangi merangi kasoesilan ingkang boten prajogi.

O, moegi koela atoeri ènget sedèrèk! Sw. Tomo boten namoeng dipoenwaos déning gotrah Katholiek kémawon, dalasan golongan ndjawi oegi toemoet maos. Boektinipoen?? — Bokmanawi kanggé golongan kita ingkang sami ngasta pandamelan wonten ing pamoelangan Gouvernement-an, ingkang karsa ngebon Sw. Tm. sampoen naté menangi, jèn wonten tepangan oetawi kantja ingkang karsa moendoet ngampil mriksani isinipoen. (Tepangan waoe inggih golongan ndjawi lo!)

Dados ing tembé, boten kénging boten pangendika pandjenengan poenika badé soemrambah dateng poendi-poeudi.

Inggih ta, jèn namoeng makaten boten dados poenapa-poenapa, nanging mangké jèn ngantos kanggé ngetjap Sw. Tm. serat kabar Katholiek kelahiran Indonesia, dipoenwastani isi ...., kirang tjeta, kirang maton lan katah boten njatanipoen. Rak kodjoer!!!

Wah, hm. Galo delengen isiné lajang kabar Katholiek (Sw. Tama), ana oekarané sing wosé, ngarani golongan ndjaba pada ora boetoeh marang kasoesilan. Hm. Apa mangkono koewi njata ta? Lha, gèk golongan ndjaba sing endi? Apa golongan: Abangan, apa National, apa Islam, apa Moh., apa Protestant. l. l. l? Jak, ja bener golongan-golongan ikoe maoe ana sing ora boetoeh marang kasoesilan, nanging rak ja akèh ta sing boetoeh marang kasoesilan.

Karo manèh, apa pengirané moeng golongan Katholiek baé ta sing boetoeh lan mèloe ngoedi marang betjiking kasoesilan ikoe? Lha, pandjenenganė ki Adjar Déwantara kaé sapa ta? Golongan endi? Nanging teka ija karsa ngoedi marang betjiking kasoesilané ra‚iat Indonesia, srana medar sabda ana ing pekoempoelan (golongan ndjaba), jèn anané advertentie saroe, anané boekoe watjan saroe ikoe mbebajani banget toemraping kasoesilan. Pandjenengané wanti-wanti banget, adja nganti ....., pada kèloe matja boekoe oetawa ndeleng advertentie maoe.

Kedjaba koewi ija isih akèh prijaji kakoeng oetawa poetri golongan ndjaba sing pada medar sabda lan karsa merangi toemrapé kaanan-kaanan sing ndjalari roesaking kasoesilan.

Hm! Goemoenkoe teka ana sing wani mantjahi. Nanging bareng ..., di ...!!!Ha, hak!

Sampoen namoeng poenika atoer koela. Jèn wonten keladoeking temboeng koela kémawon, moegi sampoen ngantos ndadosaken penggalih.

Noewoen!

P.angrdj. 13-11-'30.

Aksamanta: (oegi bapaking laré Gouvernement-an).

PERCY BLAKENEY.

DLADJADIPOEN RANDANING PRIJANTOEN KAOEM BOEROEH INDONESIA.

(*Ènget lan awas!!!*)

Jèn kita bangsa wanita sami kersa menggalih gesang kita pijambak-pijambak, kados-poendi kadadosanipoen ing tembé wingking, temtoe kita ladjeng karaos ngeres ing manah, karaos sangsara lan ngrekaos. „*Ènget lan awas lo,* sadèrèk koela wanita sadaja ingkang kagolong iboe Indonesia!

Kita sampoen bingah-bingah ngraosaken dados garwaning prijantoen kaoem boeroeh ingkang saben woelanipoen nampèni balandja galetek, wonten ingkang f 50, wonten ingkang f 100 — f 200 — f 300 lsp. ...... Éééé boten kénging jèn kita ladjeng mongkok kagoengan garwa pangkat commies, onderwijzer, wedana lan sanès-sanèsipoen lan kita ladjeng boten poeroen jèn kaseboet „*mas*" oetawi „*masadjeng Krama*"; — kersanipoen kasebat „*radèn-ajoe Kramaningrat*", kados kaprahipoen djaman sapoenika, saben tijang mangangé rasoekan petak oetawi bodjon pangkat tèk-tèkbengèk, ladjeng minggah pangkat sekedik kémawon, — mangka sedjatosipoen namoeng *si Bawoek.*

O para sadèrèk, sadjatosipoen „*titel*" poenika ngewrat-ewrati lamlah kita, anggèn kita sami anggajoeh dateng kamardikaning tanah-rah kita pijambak. Dongipoen tjaranipon tijang badé bètjèr (balandja) dateng peken makaten tjekap blas ambekta ténggok oetawi krandjang kanggé wadah bètjèran; sareng neda kasebat „*R. A.*" jèn boten mawi selop djinggring lan boten kadèrèkaken isin. Oh memelas sanget, jèn kita para wanodya Indonesia sami kados makaten! .....

Koela waoe sampoen tjrijos „*Ènget lan awas!*" sampoen bingah-bingah dados garwaning prijantoen .....

Sadèrèk koela sadaja, sadjatosipoen gesang kita bangsa wanita Indonesia poenika saprika-sapriki taksih doemawah ing kasangsaran; taksih gesang ingkang dèrèng sampoerna.

Tjobi koela atoeri njektosi!!!

Rikala kita sami taksih gesang sesarengan kalijan garwa kita ing ngalam donja, gesang kita sami seneng-seneng, bingah, tampi balandja saben woelan, wonten ingkang katah, wonten ingkang sakedik, rak inggih ta? Seneng malih jèn garwa kita minggah pangkat lan mindak gadjihipoen. Ladjeng saged gesang ingkang langkoeng saé tinimbang waoenipoen. Saged toembas katen lan katen. Dangoe-dangoe ladjeng mendem. Mendem pangkat, mendem banda, mendem penganggé, mendem dara lan *R. A.*" lsp. ngantos ndadosaken kesoepèn dateng asalipoen lsp.

Rak katah ta tijang ingkang kados makaten waoe? Heeem, kénging sadèrèk, kita bingah-bingah l.s s. nanging sampoen ladjeng keladoeken, ingkang ladjeng ndadosaken mendem waoe. Kita kedah ngémoeti gesang kita ing tembé wingking jèn kita katilar séda garwa kita pijambak-pijambak. Tjobi mangké kados poenapa kawontenanipoen ..

Saoepami garwa kita séda, kang mangka kita taksih enèm lan poetra-poetra kita taksih sami alit-alit toer dèrèng wonten ingkang tjoemantèl satoenggal-toenggala, lan gesang kita sewaoenipoen ndemndeman, — ladjeng kados-poendi,

Kita sadaja rak sampoen priksa pijambak ta jèn tijang ndem-deman makaten moeroegaken sangsara? Moeroegaken njrantil, soegih oetang ngalèr ngidoel lsp.?

Sapoenika kados poendi jèn garwa kita séda??? .. „*Kita dados randa toer randa tanggoeng, omah soewoeng, djogan ndjembroeng, wontenipoen namoeng bingoeng lan kadoewoeng. Dangoe-dangoe kita dados gembloeng*"

Kados-poendi jèn poetra-poetra kita ingkang taksih kemroewet waoe sami nangis karaos loewé?, „boe.. djaloek ma'em, djaloek doewité sasèn gotoekoe getoek?" ...

Sabribil gowèng kémawon kita boten saged njoekani. Gadah jatra saking poendi? .... Saking anggènipoen njamboet damel? .... Njamboet damel poenapa? .. Dados goeroe poenapa klerke?" ... kita boten sadaja saged njerat (toelis) lan boten sadaja wedalan sekolahan? ... Sadéjan? ... sadé petjel, njoengi tampah lan anggèndong tènggok? ....

kita isin boten saged nglampahi, awit kita sampoen koelina dipoen „*dara-dara*", *dara dèn-ajoe;* dipoenimbeti „*dara radèn-ajoe*" *dana* of *commies* of *zetter* of *setèn-setèn.*

Dos-poendi sapoenika? *Waah djoedeg!!* Ngambroek dateng sadèrèk? .... O, kita boten kénging ngendelaken gadah sadèrèk dados Dokter of Kandjeng of Djèngdralbelang lsp. awit sampoen sami déné gadah koewadjiban pijambak-pijambak ingkang langkoeng awrat; inggih poenika mragadi poetranipoen pijambak-pijambak. Poenapa malih kita sampoen dédé koewadjibanipoen sadèrèk kita malih. Ladjeng dos-poendi malih? ...

„Ja ndjaloek „*pensijoen*" njang nagara!"

„Heeeem pring djomplang, ling gampang!" mevrouw Atma mèsem: „Kaja djaloek njang wong toewané déwé baé; ..... sing lagi njang wong toewané déwé baé ora mesti éntoek, ora mesti diwèhi, dadak djaloek njang nagara" .....

Waaah sadèrèk koela sadaja, kita ladjeng kapeksa *ngeloes dada* lan *nangis,* awit roemaos *sedih* lan *sangsara.*

„*Ooo rasané dadi randaning prijaji kaoem-boeroeh! Ooo dladjading randa Indonesia!* ....

Sinten ingkang boten toemoet ngeres? Para sadèrèk koela wanita sadaja, mila kita perloe sanget jèn kita sami ngawontenaken pakempalan „*poetri*" pijambak-pijambak. Lan perloe sanget loemebet dados warganing P. P. I. I. (Perikatan Perkoempoelan Isteri Indonesia) ingkang ketingal katah djasanipoen prekawis kabetahaning bangsa wanita Indonesia. Jèn koela boten kesoepèn, kados-kados P. P. I. I. sampoen naté damel voorstellan dateng regeering prekawis „*weduwen-pensioen*" (pensioen randa) kanggé bangsa randa², randaning prijantoen poenggawa negari. Regeering oegi migatosaken prakawis waoe. Lan regeering oegi „*badé*" maringi pensioen dateng randa-randa Indonesia, ingkang katilar séda garwanipoen. Nanging ngantos saprika-sapriki teka dèrèng wonten kanjataanipoen. Kados-poendi poenika? Waah sedjatosipoen kita soesah jèn mireng temboeng „*badé*" makaten, djer dèrèng kénging katemtokaken. Kados-poendi malih? .. Mila kita kedah „*trimah kasih*" dateng *tradjanging* P. P. I. I. ingkang njamboet damel kanti *pajah* lan *keras,* margi andjoendjoeng *dladjading iboe Indonesia*" lan *tanah rah kita* pijambak.

Panoetoeping seratan koela, kita memoedji, moegi-moegi P. P. I. I. sageda lestantoen gesang ingkang soeboer!

Hidoeplah P. P. I. I.!!!!

N. B. Jèn prekawis poenika waoe kaanggep perloe, kénging kasambet malih!

Taklim.

Mevr. C. Soetjilah Atmasoedarma.

ONDERWIJS.

SAMBET REMBAG.

Mitoeroet oréhanipoen sedèrèk M. wonten ing Swara-Tama No. 46 bab Goeroe Doesoen + Missie.

I. gampil tepangipoen.
II. didikan ingkang katampi.
III. seserepan Agami.
IV. Canisius Stichting-goeroedoesoen.
V. seserepan.

I. Pantjèn kasinggihan; nanging oegi saged dipoen-gegoelang. Oepami: ing satoenggiling panggénan wonten pepanggihan, ing rikoe saged ngoepados tetepangan. Lan ingkang langkoeng perloe: oemoeripoen moerid cursus sampoen ngantos kenèmen, jèn kenèmen temtoenipoen kirang prajogi.

II. Saking roemaos koela didikan ingkang katampi oeger sampoen kénging kanggé netepi koewadjibanipoen kémawon sampoen tjekap. Mitoeroet tjéntanganipoen Rama Red. ing Moentilan + Mendoet sampoen wonten Internaat kanggé sedèrèk cursus g. d. Poenapa ing sanès panggénan dipoenwonteni Internaat boten prajogi? Temtoe langkoeng saé, langkoeng prajogi.

III. Poenika pantjèn inggih mbetahaken sanget. Ing Ngajodja sampoen wonten cursus Chatechist lan oegi wonten sawatawis sedèrèk g. d. ingkang ndèrèk.

Poenapa ing panggénan sanès ingkang tijangipoen Kath. sampoen katah boten saged madeg?

Koela mireng ing cursus g. d. Katholiek Dk. sampoen mawi didikan Agami. Poenapa njata Rama Red.? Jèn makaten saja prajogi.

IV. Mitoeroet tjéntangan Rama Red., ing Mendoet sampoen nindakaken. Poenapa ing sanès panggénan boten prajogi dipoentindakaken???????

Nanging temtoenipoen langkoeng saé jèn Canisius Stichting kagoengan S.O. pijambak.

KABAR SAKING PAKEMPALAN.

Sambetipoen Swara - Tama No. 45.

d). Spreker ngandaraken bilih djaman samangké missionarissen soemebar ing poendi-poendi nedya mitoeloengi: gotrah-gotrah sanès! Spreker ngandaraken sapinten rekaosipoen para Pastoor, Broeder, Zuster ingkang sami makarja wonten ing tanah Afrika, Amerika, Madagaskar, Hindoe; tn. Tjina, tjekak ing poendi² panggénan-panggénan; langkoeng-langkoeng ingkang wonten samadyaning bangsa ingkang dèrèng madjeng; njata rekaos sanget; mangka taksih ngraosaken alangan-alangan „kekirangan" toewin pandakwa-pandakwa ingkang boten njata, terkadang saking tarékahing mengsah. Éwasamanten sadaja waoe boten kapaèloe; wontenipoen namoeng moendi timbalan Dalem Pangéran.

Missie wonten ing poendi-poendi panggénan, nedya ndjoendjoeng dradjading bangsa ingrikoe ing sasedaja-sedajanipoen. Para ngoelama nedya ndidik soepados prakawis agami saja dangoe sageda kaoeroes ing bangsa ngrikoe pijambak! Babagan panggoelawentah, wontenipoen onderwijs - actie kadjlèntrèhaken kanti tjeta. Kanti „in de jeugd ligt de toekomst" spreker mbombong dateng adi - adinipoen, sampoen ngantos adjrih kangélan. Saladjengipoen nerangaken actiening missie lan vrouwenvraagstuk lan kamadjenganing kaoem Iboe. Spreker ngandaraken sapinten awrating sesanggènipoen kaoem Iboe. Tangining kaoem Iboe ingkang ladjeng ngertos dateng sepinten loehoering koewadjibanipoen poenika pambijantoe ingkang boten kénging kaétang aosipoen kanggéning P. Soetji, makaten pangandikanipoen Mgr. M. G. Vuylsteke! Spreker accoord sanget kalijan oeloek² saking R. A. Kartini „In de handen van 't kind ligt de toekomst, en in de handen van 't moeders 't kind, de toekomst." Kanti lelandesan pangandika Dalem Sri Nata Pandita Pius IX i. p. „Geef mij goede moeders, dan zal ik de wereld bekeeren" spreker damel bandingan, saha ngatoeraken kawontenaning Iboe ing sadjawining kikis kita, iboe ing djagad kapir. Saladjengipoen ngandaraken pakarjaning para missie zusters ingatasing ndjoendjoeng dradjading iboe-iboe sageda dados iboe ingkang sedjati, iboe oetami. Kanti pandjang lebar spreker ngandaraken pakempalan wanita ing Missie—Toerki lsp. congres wanita ingrika, ladjengipoen internationale vrouwen congres ing Italië, saha dawoeh-dawoeh saking saandap Sampéjan Dalem I. S. Kg. St. Rama Pius XI dateng para Iboe-Iboe.

Iboe-Iboe Kath. kadawoehan ngoedi mangsoelaken saéning kasoesilan wonten ing djagad pasrawoengan, kadawoehan merangi modernegeest — boekoe awon lsp.

Ing tanah-tanah Kath. katah pakempalan-pakempalan ingkang wosipoen nedya ndjoendjoeng dradjading kaoem Iboe ing tn. missie: oep.: ada-adanipoen: Katharina Schijnse van Paffenburg — St. Melaniavereeniging lsp.

Tjekak Iboe Katholiek awrat sesanggènipoen; Iboe Katholiek moelja loehoer koewadjibanipoen! Tangining Iboe Kath. poenika pambijantoe ingkang ageng sanget kanggéning P. Soetji! Tangining Iboe Kath. Indonesia pambijantoe ingkang boten sakedik kanggé missie ing Indonesia!

e). Saladjengipoen preloe nerangaken pakempalan - pakempalan ingkang manggalih dateng missie, pakempalan-pakempalan ingkang mbantoe dateng missie—oepaminipoen: De Propaganda Fide — (Genootschap tot voortplanting des geloofs — Priesters Missiebond (Unio cleri pro missionibus) 't Genootschap der H. Kindsheid — Pakempalan Santo Petrus ingkang manggalih bab pasinaonipoen ngoelama priboemi lan Nationale raad-ipoen i. p. tjabanging pakempalan St. Petrus—De St. Petrus Claverbond voor de missie in Afrika — Het Godvruchtig werk van de H. Fr. Xaverius voor Inl.: Catechisten — 't Genootschap vrouwen helpsters der missie —De Vereeniging tot Steun aan vertrekkende missionarissen — namoeng kapendetan ingkang ageng - ageng kémawon; sadaja waoe kasoekanan toelada lelabetannipoen saha tradjangipoen.

f). Ladjeng mbabadaken missie ing tn. Indonesia wiwit djaman ngoelama Portegis abad 16 makarja ingriki ingkang ladjeng kapeksa kondoer, nilar pakarjan loehoer, margi datengipoen V. O. C. — Margi barkahing Pangéran abad 19 tn. Indonesia menga malih kanggé oetoesaning P. Soetji; ingkang ladjeng th. 1808 tn. Djawi karawoehan ngoelama golongan „wereldgeestelijken" th. 1859 rawoehipoen ngoelama Jezuïet—ngantos doemoegi samangké missie ing tn. Indonesia tansah saja mindak madjeng; lan boten sakedik lelabetanipoen kanggé kamadjenganing tn. Indonesia!

g). Bab pambijantoenipoen Kadang Katholiek Wlandi ing Nederland — ageng sanget, katah sanget. — Sadèrèk Kath.: ing nagari Wlandi pantes sinoedarsana—. Para ngoelama nagari Wlandi tansah nenangi manahing para Katholiek ingrika moerih njaoera „Eereschuld" dateng tn. Indonesia—djer sinten ta ingkang damel beraning missie ing Indonesia ngantos 3 abad laminipoen? Inggih voorvaderen Walandi!

Spreker njoengoelaken nawala saking Mgr. H. van de Wetering dateng para ngoelama Parochie ing Aartsbisdom Utrecht th. 1908 wosipoen soepados sad.: Kath.: ing koekoeban dalem ndanakna bandanipoen kanggé mitoeloengi missionarissen ing Hindia Kilèn lan Indonesia—.

Pangandikanipoen minister Idenburg wonten Ie. Kamer th. 1909 nalika ngrembag begrooting Hindia — kirang langkoeng oegi makaten:

Actienipoen Indische Missie Vereeniging ada-adanipoen tw. W. H. Bagaardt makaten oegi serculairpoen ingkang dateng sad.: Kath.: Walandi ketandan W. H. Bogaardt. lan Mgr. M. J. D. Claessens, kawaos, katjoeplikan ingkang wigatos-wigatos—. Actie St. Melania Vereeniging — Nationale Raad tjabang Pakempalan St. Petrus ing Rome — lan sanès-sanèsipoen. Tjekak sad.: Kath. ing nagari Walandi „boleh bangga karena igamanja".

h). Ngandaraken Panggalihan Dalem I. S. Kg. St. Rama Pius XI kalijan Missieactie — sanget manggalih! Wontenipoen „Internationale Missiecongres th. 1922 — Pindahing pakempalan ingkang manggalih soemebaring agami dateng Rome — wontenipoen Missietentoonstelling th. 1924 — panenangi Dalem dateng para tetijang Katholiek ingkang sami soedjarah dateng Rome nalika th. Soetji i.p. th. 1925 soepados tetijang saja nggregoet pambijantoenipoen dateng Missie — Museum barang-barang saking tn. Missie inggih saking ada-ada Dalem, spreker njoeplik dawoeh Dalem ingkang kawrat wonten ing Encycliek „Rerum Eeclesiae" soepados sadaja tijang Kath. boten isin dados tijang priman kagem Sang Kristoes! Ngendikakaken bab Missie — Ngendikakaken tjoeplikan nawala dalem ingkang dateng para Biskop ing negari Tiongkok.—Missie ing tanah Tiongkok saged saja mbijet wohipoen jèn missionarissen loewar saking panjana-njana ingkang boten njata — panjana-njana — klèntoe i. p. missionarissen kadakwa dados pirantosing negari — dados pirantosing pradja sanès! Missionaris makaten oetoesaning Pangéran nanging dédé batoering djagad!

i). Kados-poendi saged kita mbijantoe Missie! Tjekak aos srana pasembahjangan kita — srana banda — srana djoemangkah wonten ing K. Actie. — Spreker nerangaken bilih sociale vereenigingen Kath. Djawi sapoenika saweg badé tjantjoet, mbetahaken pambijantoe saking sad. Katholiek sadaja — spreker nerangaken saha propaganda sapinten loehoering koewadjibanipoen K. W. — W. K. — Van Lith Stichting — P. Darma — Moeda Katholiek — Morgenster lsp.

Ing saladjengipoen gandèng kalijan dawoeh Dalem Kg. St. Rama Pius XI babagan missionarissen kadakwa dados pirantosing negari — missionarissen kadakwa tjampoer lan prakawis politiek, kanggé tn. Indonesia missionarissen poenika kadakwa nenoetoet soepados tijang Kath. sampoen ngantos moelitiek. — Wontenipoen I. K. P. lan P. P. K. D. satoenggiling boekti njata bilih missionarissen pantjèn soemingkir lan babagan poenika. Para sad. Kath. kaatoeran migatosaken!

Doemoegi samanten tjoeplikaning sesorah ingkang pantes koela pèngeti.

— o —

Pangarsa P. P. K. D. atas namaning pangrèh tjampoeran ngatoeraken genging panoewoen dateng spreker; makaten oegi ladjeng meling dateng para moeda toewin para sepoeh, katah-katah lan mentes!

Saladjengipoen wonten sadèrèk sawatawis ingkang ngetingalaken bingah lan mongkoging manah mirengaken sesorah waoe; kados-kados ladjeng gadah greget énggal!*)

— o —

Rama G. A. J. Schots als. G. A. pandjenenganipoen ngendikakaken „terimakasihnja" dateng spreker déné sampoen ndanakaken „tenaga" ingkang boten sakedik kanggé voorbereiden. Kados déné Pastoer pandjenenganipoen ngendikakaken renaning panggalih déné spreker nggoegah sadèrèk-sadèrèkipoen soepados saja tresna dateng Missie; saja nggregoet pambijantoenipoen. Lega sanget déné spreker nglebet-nglebetaken „solidarisme" dateng sad. Kath. Djawi; saha moendoet moegi kasisahan saha reribedipoen sad. Kath. ing tn. mantja, sad. Kath. Djawi toemoeta ngraosaken, toemoeta manggalih.—

— o —

Wakil W. K. sad. Th. Soealbirah gegajoetan kalijan pangandikanipoen spreker „toemoet-toemoet njamboet damel mawi kringet kita pijambak" oeloek-oeloek bilih W. K. — K. W. — P. P. K. D. badé ngadani onderwijsactie! Makaten oegi spreekster mbombong dateng para adi-adinipoen èstri, sami adjara njamboet damel mbantoe Missie, srana ngempal wonten ing W. K. — W. K. badé mitoeloengi. — Spreekster ketingal sanget, kepéngin sanget ada-ada W. K. kinderafdeeling.

— o —

Wasana ± djam 12 parepatan katoetoep kanti soesila Katholiek!

Verslaggever C. C. Solo.

*) Poenika moegi sampoen tjoentel ing gregoet lan kamongkogan kémawon nanging asoeloera ing tindak! Red.

V. Koela ngakeni bilih seserepanipoen sedèrèk g. d. poenika taksih kirang sanget, tjoto. Dados betah Penoentoen. Ing golongan R.K. kados sampoen katah prijantoen ingkang saged - saged. Kados déné: Goeroe Kasoeltanan, Goeroe Bantoe, N.S. Kw.S. lan sanèsipoen sampoen gadah, sampoen ngempal.

Poenapa Goeroe Doesoen Kath. ingkang langkoeng perloe (toedjoenipoen) boten saged ngempal ingkang ladjeng katoentoen ing salah satoenggiling prijantoen kasebat nginggil?

Mila mangga para sedèrèk Goeroe Doesoen Kath. sami ngempal!!! Ing Ngajodja sampoen wiwit ± warga 25. Mangga sanès panggénan, sampoen mèndel kémawon.

Déné bab orgaan lan indaking seserepanipoen sedèrèk g. d. Kath. koela soemanggakaken ing ngarsaning Bestuur Canisius Stichting. Soepados goeroe-goeroenipoen doesoen sampoen ngantos kawon montjèr menggahing panggoela-wentahing laré. Noewoen!!!!!!!

Gemampang 18 Nov. 1930.

Taklim koela laré g.d. SOE-DIRDJO.

ECONOMIE.

Ing sapoetjaking panggoeng Economie.

— *Internationalisme.* —

Saking *mas Andaja* ing W.

Ing rèhning karangan koela ingkang sapisanan bab panggaotan poenika loegoe njembadani kersanipoen sedèrèk Jèn kober, mila sepriki ingkang koela anggé landesan ada koela inggih karanganipoen prijantoen waoe.

Dangoe-dangoe sareng koela saring malih, kenjam-kenjamipoen karangan waoe boten sandé namoeng ngadjak dateng actie mendjawi oetawi ngojak Internationalisme.

Mila mekaten, menawi Indonesia mila poeroen noeloeng badanipoen pijambak, mila inggih kedah gandèng pijambak kalijan pradja sanès.

Soepados langkoeng tjeta sawatawis, mangga sami ngémoet-émoet lelampahan ingkang mentas kelampahan wetawis setengah taoen kepengker.

Lelampahan waoe wosipoen: panggaotanipoen kantja Tiong Hoa saja kepipit. Déné sebabipoen: mergi Importeur-importeur bangsa Europa sami tepang rembag pijambak kalijan poen penoembas, poen Krama.

Kados para maos sampoen sami priksa, dagangan ngamantja poenika doemoeginipoen tanganipoen poen Krama apes nglangkoengi kedoeng kalih: importeur lan toko, ingkang apes 95₀/⁰ dados darbèkipoen kantja Tiong Hoa.

Toko waoe adatipoen mawi tjabang malih waroeng. Dados kala barang waoe ngantos kèndel kaping tiga oetawi sekawan sadèrèngipoen dawah ing tanganipoen gendoek oetawi tolé Indonesia. Nah, ing mangka wiwit taoen 1930 poenika wonten ada énggal: poen importeur kepéngin tabik pijambak kalijan kang Krama, ateges toko lan waroeng-waroeng kasingkoer.

Leres, ada poenika mentjoengoelipoen apes sampoen kala 1929 oetawi kepara roemijin malih, nanging kraosipoen saèstoe, langkoeng-langkoeng ing Soerabaja, saweg taoen poenika. Anggèn koela ngertos jèn kantja dagang Tiong Hoa ing ngrika andjingkat, mergi ngantos wonten protest saking sedaja soedagar Tiong-Hoa dateng para Importeur.

Awit adanipoen importeuren mekaten waoe boten namoeng ateges mitoenani dateng tijang-tijang ingkang gadah toko lan waroeng, nanging jèn kesangeten, tegesipoen jèn saged kaleksanan saèstoe. saged medjahi babar-pisan dateng penggaotan para ahli dagang (Tiong Hoa). Poenapa ingkang mekaten waoe njata badé kelampahan, kita prajogi mèndel roemijin.

Nalika wonten protest waoe kang Krama kados poendi-poendi pijambakipoen étja-étja tileman, boten predoeli. Awit roemaos dédé prekawisipoen . . . . Majar! katanda? katanda koran nasijonal boten ngoewik prekawis poenika. Namoeng mèndel-mèndel kita inggih njatet, bilih pakempalan dagang nasijonal „Setija" ingkang poeseripoen ing Soerabaja tokonipoen sampoen . . 19! Poenapa inggih toko (waroeng)

19 poenika ingkang dipoenseboet „kang Krama" ing protest-ipoen sedèrèk Tionghoa, kita boten saged netepaken. — — —.

Ladjeng - - - poenapa kantja Importeur boten mabeni wontenipoen protest waoe? temtoe kémawon mabeni, saben tijang temtoe ndjagi padaranipoen pijambakpijambak. Wangsoelanipoen kantja Importeur kanggé tjekak mekaten: akoe tawa njang kampoeng ja bèné, akoe toch ora nerak predjandjiankoe karo kowé! sedaja sami abritipoen, kang Krama étja-étja tileman.

Bab oedreg-oedregan waoe kaemot ing Nieuwe Soerabaja Courant, Pawarta Soerabaja lan Bendee (Solo, minggon).

Bab poenika bakda maos kala samanten teroes koela kepèki.

Lan pemanah koela kala ngepèki waoe (oegi teroes koela serat) mekaten: lah dalah, apa iki, lagi kaja ngéné waé kantja Tiong Hoa wis pada riboet, iba jèn dik Krama gelem koelak njang Europa déwé, iba—iba!

mBokmenawi para maos njangkal: ah, mokal, toekoe saka tanah sabrang mesti koedoe toes-toesan oetawa malah won-wonan roepijah, dèk Krama lé isa prijé? — o, boten mekaten prijantoen! Prijantoen priksa. Twente distrik ingkang kebak tenoenan poenika? pabrik-pabrik ing Twente waoe poeroen njadèni dateng sok sintena asal orderipoen welinganipoen apes f10,—sedasa roepijah! Ta, rak boten katah! Malah toko spéda lan gegaman ing Perantjis poeroen ngémbali lampahing kintoenan, asal - - - orderipoen boten kirang saking - - - o, sekedik sanget! - - - 50 franc oetawi - - - - f5,50; gangsal setengah roepijah!!

Poenapa njata poenika?? njata, mangka koela pendetaken seratipoen saking ngrika! joernalis bermata seriboe-riboe?? mbokmanawi!!

Sapoenika ngladjengaken bab kantja Tiong (Hoa tegesipoen: kantja, kaoem, golongan, bangsa; kawoela) ing Soerabaja waoe.

***

Bab gandèngipoen groothandel oetawi importeur waoe kedjawi medjahi waroeng lan toko oegi ngénggalaken mblendoekipoen kantong Indonesia.

Bab poenika radi tjeta wonten ing Betawi (Betawi—Weltevreden—Meester Cornelis).

Margi General Motors keriwoeten anggènipoen mengsah Ford, sopir-sopir taksi teroes dipoen-endel njamboet auto, mindring, mboten njéwa, oepami f 25,—sawoelan. Poen sopir temtoe poeroen, seneng, G. M. mèsem, batosipoen: Ford mangsa pajoea!

Toko montor mlongo kanti witjanten: wo . . . Let gangsal taoen . . abang pinten-pinten sami nggekeng njopiri montoripoen pijambak. Toer nalika njopiri, wiwit kawitan, adjeg ngatos-atos, pangopènipoen inggih béda, sebab batosipoen: ini sajè poenjè! (tjara Betawi)!

Malah koela inggih kèmoetan, bilih ing Anoe wonten soedagar boekoe Indonesier ingkang saged njéwa grija f200.— sawoelan, toer saged njadé barangipoen langkoeng mirah tinimbang regi oemoem, djer sedaja sesadéjanipoen kilak pijambak saking toekipoen. Ingkang mekaten waoe saja damel, hm, saja damel ajem, nadyan kita namoeng toemoet, o, namoeng toemoet njawang - - - -.

Mila, é, mila, jèn kita adjeg moelat, waspada lan tjantjingan, tegesipoen poendi ingkang legi énggal katjepeng, temtoe dangoe-dangoe sedajaning manis-manis lan kanikmatan saged ketjepeng ing tangan kita.

Boten langkoeng, rèhning sampoen sewatawis, atoer koela, moegi-moegi!

(taksih wonten sambetipoen).

ANDAJA.

WAWASAN BAB KASOESATRAN DJAWI.

(Ki Ranggadarminta).

II

Djaman kina.

Ing ngadjeng (Sw-Tm. no. 45) sampoen koela atoeraken bilih mitoeroet kalimrahanipoen wekdaling kasoesastran poenika kaprintji dados tigang djaman, inggih poenika: djaman kina, djaman Mataram lan djaman samangké. Menggah anggènipoen marintji makaten poenika amargi montjèring kasoesastran Djawi poenika sambet sanget kalijan montjèring kraton, amila kasoesastran ingkang kalebet djaman kina poenika oegi kéngiug kawastanan kasoesastran Djawi Wétan, djalaran ing nalika samanten doenoenging kraton Djawi ingkang mondjo wonten ing tanah Djawi Wétan. (Mriksanana Babad tanah Djawi I Fruinmees ktj. 69).

Amoerih gamblanging pamawas, ing riki ingkang badé koela pétani roemijin woedjoed dadapoekaning kasoesastran ingkang kalebet ing gegebengan djaman kina waoe. Menggah babaran kasoesastran ing djaman semanten, sanget anggèning kadajan woedaring kaboedajan ing Hindoestan, bab poenika gampil sanget paniti miwah panglatjakipoen. Pasang rakiting pangiket, soeraos toewin tetemboenganipoen noelad babaran kasoesastran ing Hindoestan ing nalika abad sapisanan.

a) pasang rakiting pangiket,

Serat - serat kina poenika wonten ingkang kadapoek serat *gantjaran* lan wonten ingkang *mawi sekar*. Serat-serat ingkang pertalan saking basa Sangsekarta, katah ingkang sineselan tetemboenganipoen Skr. ingkang bakoe ladjeng kadékékan katrangan oetawi tanpa, oepaminipoen:

[illegible]

(Adi parwa) - teka mandamâruta, angon alon anglingkabaken sindjangipoen.

[illegible] (Râmayana) pandjenengané triwikramapitâ, (jaïkoe) dadi bapakné Batara Wisnoe anitis.

Oegi wonten ingkang dapoer ndjarwani lan makna - aken tetemboengan Skr. (Mriksanana Sang Hjang Kamahâijânikan. J. Kats.)

Déné ingkang damelan Djawi pijambak sepi ing seselan teks saking basa Skr. (Mriksanana Tantupanggelaran, Pararaton lsp.)

Wondéné basanipoen temtoe kémawon inggih basa Djawi djaman semanten, ingkang sami kawastanan temboeng Boeda (Wal. Oud Jav. -Djawa koena) oetawi basa Kawi, nanging dédé kawi ingkang kalimrah ing serat-serat mawi sekar ing djaman semangké, sanadjan ta temboeng-temboeng waoe sapérangan ageng inggih asal saking Djawi kina oetawi Skr. Milanipoen amoerih boten adamel seling serep, ingkang basa Djawi djaman kina prajogi dipoenwastani Djawa koena, déné temboeng-temboeng ingkang limrahipoen namoeng kanggé ing sekar oetawi ing basa rinengga, prajogi kawastanan kawi.

— o —

Pangiketing tetemboengan basa Djawi kina poenika inggih noelad tatanan panjerat basa Sangsekarta, kados oepaminipoen bab sandhi (panggarbaning temboeng) oepami:

[illegible] garba saking [illegible]

[illegible] garba saking [illegible]

[illegible] garba saking [illegible]

[illegible] garba saking [illegible]

lsp.

(Bab poenika mriksanana Widyartha katja 10 ladjeng katandinga kalihan: Praktische Grammatik der Sanskrit - Sprache jasanipoen Dr. phil. Richard Fiks. katja 12; sarta manawi badé mramanemaken babagan paramasastranipoen prajogi maos ing Verspreide Geschriften. jasanipoen Dr. H Kern ing deel VIII, lan IX.)

Sapoenika ménggok sakedik soemangga sami mramanemaken iketan pangrakitipoen serat - serat. Djawi kina ingkang mawi kasekaraken. Sekaripoen ing samangké kalimrah sami winastanan sekar ageng oetawi sekar kawi. (Djawi kina kekawin ateges tembang), sarta pangiketipoen inggih mitoeroet wawaton ingkang kalimrah tanah Hindoestan. Ing djaman samangké sampoen kalebet awis ingkang soemerep wawatonipoen damel sekar kawi ingkang saloegoe, poenapa déné inggih sampoen langka ingkang saged nglagokaken, djalaran saking awis kesrambah. Sekar kawi poenika doemoeginipoen samangké namoeng kalimrah kanggé bawa swara ing boeboekaning gending oetawi ing padalangan. Malah ing padalangan katah ingkang namoeng metik oengelan - oengelan ing serat - serat kakawin, sarta tetemboenganipoen sampoen katah ingkang risak. Kados oepaminipoen soeloek jèn mentas djedjer Ngastina.

[illegible]

Poenika terang pametikipoen saking serat Bhâratayuddha II, 1 (kawedalaken déning Dr. J. G. H. Gunning), inggih poenika tjarijosipoen Kresna (nalika badé dateng Ngastina moendoet sapalihing nagari, ladjeng kapanggih kalijan déwa wonten ing margi. Dados sampoen boten méntjok kalijan wajang ingkang kadjedjeraken. Wondéné ingkang sekawit oengelipoen makaten:

[illegible]

Saweg saking pemanggih koela, kados kita perloe njoemerepi wawaton anjekaraken tjara kina sawatawis, kénginga kanggé titimbangan kalihan ingkang taksih kalimrah kanggé ing djaman samangké.

Wonten srat kina ingkang pinanggih wonten ing Bali, nama Wretasantjaja (Wrttasâncaya - kakloempoeka - ning tembang).

Serat poenika angewrat wawaton sarta namaning sekar kawi, ingkang kawedalaken sarta karembag anglantrah déning Prof. Kern wonten ing Verspreide Geschriften deel IX ktj. 67 sarta inggih karembag malih wonten ing kalawarti Kawi (R. Ng. Dr. Poerbatjaraka cs.) taoen I wiwit katja 25 saladjengipoen.*)

(badé kaladjengaken).

*) Éman déné Kawi ladjeng moeroed ing asal kamoeljanipoen alias pedjah. (Ki Rangga).

—: VARIA :—

SITI BOKONGAN PEKEN WEDI.

Boten namoeng sadèrèk Èslilin ingkang mbrebes mili, ananging koela toemoet tjos-tjosan, koela mireng pawartos bilih siti mloewa ing saoeroetipoen margi ageng salèr peken Wedi ingkang tembing kidoel (ing sangadjenging grija Tionghoa 6, grija Djawi 2) sami kasoewoen déning tijang Tionghoa oetawi tijang Djawi ingkang sami gadah adjengan ngrikoe. Nalika para Tionghoa ngatoeraken panjoewoenan poenika panginten koela katampi saé, katitik boten wonten grendjel oetawi greneng poenapa-poenapa. Nanging sareng tijang Djawi ingkang satoenggal ngatoeraken panjoewoenan dipoensepèlèkaken malah dipoenadjrih-adjrihi dawoehipoen: „Kowé koewi wong pengindoeng ora doewé wewenang apa-apa" ngantos rambah-rambah.

O, mesakaken, wong désa toer bodo sowan panggedé ora diparingi pitoedoeh anggoné doewé panjoewoen, nanging malah disepèlèkaké toer digawé wedi pisan. H e e e m memelas, tjobi dipoen-galih! Saking panginten koela bokmanawi patokanipoen ingkang kedah dipoenparingi siti mloewa ingkang koela atoeraken ing nginggil poenika sanès pangindoeng oetawi koeli ing koekoeban ngrikoe, nanging tijang-tijang ingkang gadah adjengan ngrikoe; awit saoepami siti ingkang koela atoeraken ing nginggil kénging kaparingaken saben koeli oetawi tijang ingkang noenggil sakaloerahan ngrikoe, mangka ladjeng dipoenadegi grija, sasat damel satengah pedjahipoen waroeng saha tokonipoen tijang ingkang gadah adjengan siti kaseboet, inggih tijangipoen Tionghoa langkoeng² tijangipoen Djawi.

Pramila boten samestinipoen manawi tijang djawi ingkang satoenggal kaseboet nginggil dipoensepèlèkaken panoewoenipoen, nanging kedah dipoentampi kados tijang Tionghoa, ingkang sami noenggil panoewoen, awit tijang Djawi kaseboet nginggil oegi badé satengah pedjah menggahing waroengipoen, manawi siti adjenganipoen dipoenadegi grija déning tijang sanès; saoepami adjenganipoen tijang Djawi kaseboet boten kaparingaken dateng sinten-sinten, kadjengipoen mloewa kémawon, nanging adjenganipoen tijang Tionghoa sami kaparengaken panoewoenipoen, ladjeng grija tokonipoen tijang Tionghoa sami kaadjengaken tjelak margi, ngaten kémawon waroengipoen tijang Djawi kaseboet sampoen saprasekawan pedjah, kosok-wangsoel: waroeng dalah tokonipoen tijang Tionghoa prasasat tetaneman angsal raboek, ta rak boten anèh manawi dimas Èslilin mbrebesmili, koela tjos-tjosan.

Minangka toetoeping andaran koela ing nginggil: moegi paréntah ingkang wadjib ngedoem, anggaliha jektos badé pangedoemipoen siti mloewa ing saoeroetipoen margi ageng salèr peken Wedi ingkang tembing kidoel ingkang kaseboet nginggil, moerih boten wonten panggroendel poenapa-poenapa. Langkoeng-langkoeng toemrap sadèrèk Djawi ingkang sapoenika taksih ringkih ing samoekawis.

Klatèn 14-11-30 koela Èsgosok.

OERAP - SARI

(PETIKAN SAKING SERAT-SERAT KABAR SANÈS).

KABAR KATOELIK.

Jubileum Broeder Placidus.

M a t a r a m dipoenkabari saking Soerabaja bilih béndjing tanggal 26 November poenika kaleres salangkoeng taoenanipoen Br. Placidus (warga Konggregasi St. Louis ing Oudenbosch) anggènipoen ngambah boemi Indonesia.

Wiwahan salangkoeng taoenan badé kadawahaken wonten tanggal 7 Désèmber. Wonten ing Soerabaja, ing kalangan onderwijs, Broeder poenika sakalangkoeng kotjap.

Mulo Katoelik Soerakarta.

Sami kalijan Mulo Goepermèn.

Wonten serat kakantjingan anetepaken bilih piwoelang ing Mulo Soerakarta, tjabangipoen Mulo Katoelik Ngajogja, sami kalijan Mulo Goepermèn. P f.

Dalemipoen para Broeder Moentilan.

Red. angsal pawartos, 21 Nov. djam 5 sonten, badé wonten pahargjan masang banon kapisan kanggé dalemipoen para toewan-toewan Broeder v. d. „Ontbevlekte Ontvangenis", ingkang sampoen katah lelabetanipoen toemrap moeda Djawi.

Mila milih dinten poenika, awit titi-mangsa poenika Congregatie joeswa 90 taoen, sarta ngleresi sangang taoenipoen padoeka Broeder Overste Eustatius makarja ing noesa Djawi, amarsoedi siswa Djawi. Sampoen salajakipoen kita ngatoeri soegeng sarta matoer noewoen dateng pandjenenganipoen.

Menggah doenoengipoen tjalon dalem Broederan poenika wonten sangadjenging pamoelangan H. I. S. tjelak pasaréan (kerkop). Sawingkingipoen badé dipoenedegi pondokan (convict) no. V, ingkang badé dipoenasta toewan Broeder pijambak, amargi pondokan poenika kanggé moerid-moerid pangkat 7, ingkang ndoegkap milih margining ngagesang.

Grédja ing Bara.

Atrap banon sapisanan.

Kala 9 Nov. éndjing, pandjenenganipoen P. van Kalken ngatrapaken banon sapisanan kanggé Grédja ing Bara. Grédja waoe tjalon tjekap tijang 800.

Djiwa Katoelik ing ngrikoe ± 2.200

Mgr. Bos wonten Roem

Ngarsa dalem I. S. K. S. Rama, manoet pawartos tanggal 10 Nov., nampi pisowanipoen Mgr. Bos ing Borneo.

Sédan Kardinaal.

Tilgram saking Saigon tanggal 7 njarijosaken wonten pawartos saking Paris bilih Kangdjeng Kardinal Charost, Maha Biskop ing Rennes, séda.

Pawartos radio saking Nauen tg. 9 Nov. njarijosaken ing Vatikaan nandang soengkawa déning sédanipoen padoeka Kardinal-Maha-Biskop, Alfonso Maria Mistrangelo, joeswa 78 taoen. Sédanipoen padoeka Kangdjeng Kardinal Mistrangelo poenika andjalari tjatjahing Kardinal kantoen 59, dados wonten lowongan 11. (Anggènipoen djoemeneng Kardinal kala 6 Désèmber 1915, saha djoemeneng Maha Biskop ing Florence).

Komité Grédja Samaitan.

Redaksi tampi pawartos soeraosipoen: Komité Grédja Samaitan sampoen tampi dana saking:

a. Para sadèrèk Katoelik ing Solo loemantar pangarsaning pangrèh K. W. H. Martasoedarma f 35,15
b. K. W. lan sadèrèk Katoelik ing Moentilan loemantar H. Dirdjasoesiswa f 22,21^{5}

Matoer noewoen. Mangga sinten malih? Nglebet Grédja taksih tanpa papadjangan, kadjawi retja Dèwi Marijah satoenggal, lampoe gas kanggé woelangan jèn daloe lan kanggé Mis daloe béndjing 25 Désèmber, dèrèng wonten.

KABAR OEMOEM INDONESIA.

Tijang Toerki ngamoek.

Damel pedjahipoen tijang tiga.

Dinten Rebo 12 Nov. sijang griija padjagèn poelisi ing Glodok, Betawi, gègèr. Tionghoa Tjong Hien, pangageng hotèl, neda toeloeng poelisi, awit hotèlipoen kapondokan tijang Toerki nama Sajid Tafoelah Lampon, asli Teloek Betoeng, ingkang remenipoen tansah minoem, sarta damel soesahipoen tamoe-tamoe sanèsipoen. T. Tjong Hien saweg kémawon kèndel, tijang Toerki waoe mlebet, dipoenpanggihi hoofdagent t. Mounier, sarta kabekta dateng galdri wingking. Wonten ngrikoe tijang Toerki waoe ngamoek, sakawit mawi dadamel blati, ladjeng pedang, adamel pedjahipoen hoofdagent t. Mounier, agèn Semaoen, toewin Téga. Kedjawi poenika taksih wonten poelisi sanès ingkang tatoe. Tijang Toerki waoe, pedjah. Sareng dipoentiti, tetéla kala dateng grija padjagèn waoe, mentas nelasaken brèndi sagendoel.

Bapa medjahi anakipoen tiga.

Nembé poenika ing Cheribon wonten Walandi nama U., medjahi anakipoen djaler oemoer tigang taoen, lan anak èstri kalih oemoer 10 lan 14 taoen, mawi pistoel. Sabakdanipoen poenika U. waoe ladjeng ngendat. Sebabipoen dèrèng kasoemerepan.

10 taoenan djoemenengan dalem K. Soeltan.

Katranganipoen paréntah.

Kala tanggal 27 Okt. warga Raad Kawoela t. Dwidjaséwaja miterang dateng Paréntah, kénging poenapa déné kala dinten pangènget-ènget 10 taoenan djoemeneng dalem Kg. Soeltan Ngajodja sakolahan-sakolahan ing Ngajogjakarta boten dipoentoetoep? Poenapa poenika boten damel rengating panggalih dalem, toewin sakiting manahipoen kawoela ing ngrikoe? Mangka, manoet pranatan sakolahan, pantjèn kénging kaliboeraken.

Pitakénan poenika, dipoenwangsoeli paréntah makaten:

Ing dinten djoemenengan dalem Kg. Soeltan, poenika sakolahan-sakolahan angka kalih boten naté dipoenliboeraken, amargi dinten poenika namoeng kamoeljakaken wonten salebeting kraton. Ing dinten sadasa taoenan waoe inggih mèngeti manawi dinten waoe dinten ageng djoemenengan, mila boten wonten sababipoen ingkang andjalari ladjeng saged ngliboeraken sakolahan kaseboet. Lan inggih margi makaten poenika déné boten wonten paneda saking péhak komité, oetawi pamoendoet saking ngarsa dalem. Lan toemrap prakawis poenika, Goepernoer Ngajogja inggih boten nindakaken makaten-makaten.

Angsal seboetan radèn.

Saking prijantoen ingkang kénging pinitados kita mireng: mas *Wahjasoedibja* wadana goeroe pamoelangan H.I.S. No. 2 ing Moentilan, mentas pikantoek serat kakantjingan saking ngarsa dalem Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soeltan ing Ngajogjakarta, kapareng nganggé seseboetan radèn.

Kjai doekoen ing Widjil.

Andjampèni kamlaratan?

Sadèrèk *Madyadhi* njarijosaken ing doesoen Kalangan bawah Moengkid Moentilan, wonten tijang kalih sami kesékéngan. Nalika Djoemoewah Legi woelan Soera taoen poenika, tijang kalih waoe pinanggih mitranipoen anama M., anjarijosaken kasékénganipoen, saladjengipoen kapitoetoeran soepados neda djampi kamlaratan dateng kjahi doekoen ing Widjil, bawah ass. wedana Baraboedoer, Magelang. Kelampahan sami neda piioeloengan kjai doekoen kanti tindih f 120, lan f 50. Tjarijosipoen doekoen arta waoe kalebetaken petèn, lan petèn waoe béndjing jèn sampoen nem woelan badé kebak isi arta tjekap kanggé ngesahi samboetanipoen. Nalika 5 November poenika, wonten sepijoen ingkang mangertos, teroes lapoer dateng assistent wedana Moengkid. Lan toemoenten tijang 2 lan M. dipoentimbali dateng seténan, dipoendawoehi sami mbekta petènipoen. Sareng dipoenbikak, ingkang setoenggal njata kebak saèstoe, ning kebak gombal, arta kantoen sebénggol lan sekar setoenggal, (tindihipoen roemijin f 120). Déné setoenggalipoen (tindihipoen namoeng f 50,) namoeng kantoen sekar setoenggal. Soemerep kawontenan poenika sedèrèk 2 lan M. sampoen bijas, atjloem.

Nalika dinten Dojemoewah ddo. 7 Nov. poenika doekoenipoen dipoentjepeng. Poetoesanipoen kadospoendi, koela dèrèng terang. Memelas temen bangsa kita!

Bandiet Walandi.

B.D. Wasita (Setjang 17-11-'30) martosaken:

Nalika tanggal 16 November poenika, minggoe pon, ing doesoen Digelan, Sarapadan, distr. Pringsoerat (Temaggoeng), wonten tijang èstri kabégal déning Walandi, sarana dipoendjak noempak motor (taksi) merk H. No. . . . . . . Nalaripoen makaten:

Tijang èstri waoe nama Bok. Martopawiro, asal Salatiga. Wantji djam 10 éndjing, (minggoe), badé toewi keponakanipoen dados mandor tilpoen, panoedjoe sakit, manggèn ing kamp: Tingalan, (Pengilon?). Wonten ing margi kepetoek Welandi kalijan njonjah (dédé totok), dipoentakèni déning njonjah, poenapa soemerep grijanipoen Bok Amat, grijanipoen wingking mesdjid. Njonjah waoe ngaken anakipoen Bok Amat, nanging anggènipoen késah sampoen dangoé. (Anggènipoen takèn waoe poenapa djalaran Bok Marto nganggé benik dinar sarèntèng lan soesoepé barléjan?!)

Sarèhné pitakénipoen waoe nganggé temboeng aroem manis, katik Djawi toer krama, tingalipoen soemanak; mila B. Marto moeloer manahipoen ladjeng poeroen ngeteraken madosi; nanging boten kepanggih. B. Marto ladjeng dipoendjak kèndel djadjan wédang wonten ing wandénipoen B. loerah Kradjan. Sasampoenipoen ladjeng sowangsowangan.

Djam $7^{1}/_{2}$ sonten, malem Senèn, landi lan njonjah dateng ing grijanipoen B. Marto; sandjang jèn B. Amat sampoen kepanggih. Sarèhné Bok Marto waoe sijang sampoen toeloeng toemoet madosi, mila badé dipoendjak seneng-seneng, dipoendjak mlantjong. Doemoegi petjinan, keleres wonten taksi mogok-mogok, poenika ladjeng dipoensèwa f 2,50 kanggé mlantjong 2 djam; lampahipoen: Ambarawa-Salatiga-Ambarawa, ladjeng ngilèn.

Sareng doemoegi salèr doesoen Digelan, landi waoe mandap; montor isi njonjah lan B. Marto mlebet Digelan ladjeng kèndel tjelak gerdoe. Njonjah omong dateng Bok Marto: „Toewan maoe kok soewé temen ‚mbok! Ajo pada dipapag, mengko gèk ana apa-apa, wajah bengi mangkéné djaré." (±djam $10^{1}/_{2}$ daloe). Njonjah lan B. Marto ladjeng darat. B. Marto boten njana poenapa[2].

Kotjapa, doemoegi panggénanipoen mandap toewan waoe, toewan ndjedoel saking kalèn; B. Marto dipoen-reboet dinaripoen (24 idji) kanti dipoenatoengi pistoel. Soesoepé dipoenbregadas boten kénging, sabab sesak, mangka barléjan pengaos f 300; (begdja poenika). Wiwit B. Marto katoebroek toewan waoe, njonjah wangsoel dateng montor. Landinipoen sekedap noetoeti dateng montor, ladjeng kapoerih mangkat; bablas mengidoel, B. Marta kantoen ing boelak.

B. Marto toeloeng-toeloeng mlebet dateng doesoen. Saweg sami oejek, wonten vrachtauto langkoeng. Vrachtauto kaendeg, Sopir njagahi, jèn boten ketjandak, sagah repot dateng kloerahan, (kapoelisèn). Doemoegi Se-

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

. . . . . . 11 NOVEMBER . . . . . .

Angèsti tentreming bawana.

Sawelas November! Dinten ingkang pantes dipoenkepèki.

Kalih welas taoen kapengker, dados kala 11 November 1918, ing saindenging djagad kapireng ngoemandanging soewanten: *angèsti tentreming bawana.* Bangsa Éropah roemaos karisakan ageng déning perang donja. Oengelipoen: akoe wis kapok perang! Ajo gegaman pada disoeda, diboewangi! Ajo pada roekoen, . . . roekoen, . . . roekoen! Saiki nganakaké Volkenbond! Nganakaké Éropa-Sarikat, lss.

Tanggal 11 November poenika, saged anggoegah pikiranipoen tijang ingkang njatitèkaken ébahing djaman.

Koela kèngetan kala 1 Mei I. S. D. P. miwaha dinten waoe wonten Betawi. Warga Raad Kawoela t. *de Dreu,* sesorah wonten parepatan oemoem. Anjarijosaken karisakan ingkang margi wereldoorlog:

Waragad kanggé perang donja: 1500 milliard (oet. manawi kapétang wiwit mijos Dalem Sri Jésoes wonten: f 90.000 saben saedjam).

Gedong-gedong, pabrik-pabrik, panggaotan-panggaotan ingkang remoek: 30 milliard roepijah.

Paprangan dangoenipoen 1561 dinten. Pradjoerit ingkang perang kirang langkoeng 30 mlijoen djiwa: tijang ingkang katjilakan tikel kalihipoen poenika.

Ingkang pedjah wonten pajoedan 10 mlijoen djiwa; oet. ratjak sadinten pedjah 6.400, oet. pedjah 4, saben samenit. Pradjoerit ingkang itjal boten kantenan 13 mlijoen. ingkang ketaton 20 mlijoen; lan ingkang dados tawanan 3 mlijoen.

Tjatjahing randa, margi perang waoe, 5 mlijoen, anak tanpa bapa: 9 mlijoen. Tijang ingkang minggat: 10 mlijoen.

Kadjawi poenika taksih wonten tijang partikelir, dédé militèr, katahipoen 13 mlijoen pedjah wonten salebeting perang.

Tjatjahipoen tijang pedjah ing paprangan, kénging kasamèkaken kalijan baita ingkang saben dintenipoen nglelepaken tijang satoes, dangoenipoen pitoeng dasa taoen. Oetawi kados kaoem berah 1 mlijoen, njamboet damel 14 djam saminggoe, dangoenipoen 3000 taoen.

Nagari Baritanijah, ingkang katjarijos *menang perang,* inggih kapitoenèn. Manoet minister Snowden, salebetipoen perang waoe Inggris ngedalaken waragad 125 milliard. Samboetanipoen dados: 80 milliard. Kanggé njaoer samboetan poenika, tetijang ingkang kénging paos kedah angréntjangi saben taoen 4.200 mlijoen, oet. saben dinten 12 mlijoen, ateges 7.200 roepijah ing dalem samenoet.

Manawi angka-angka poenika dipoenwewahi arta ingkang kanggé mragadi wadyabala, toewin kapal-kapal perang, poenapadéné kaoem pènsijoenan, manoet t. Snowden, ladjeng saged soemerep bilih 3/4 nipoen sadaja paos Inggris kanggé njaoeri samboetan.

Mangga, poenapa boten andjegrig woeloe pandjenengan? Poenapa boten mrinding? Mila, poenada élok, manawi Éropah ladjeng énggal mènèk wonten paredèn Alpen, ngoewoeh-oewoeh dateng tijang sadjagad: „ . . . Ajo pada ngèsti tentreming bawana!"

Aksi perdamaian-doenia saja angrembaka! Ngantos, kala 27 Agoestoes 1928, nagari 12 nandatangani: *Pradjandjian Kellogg* wonten Paris, soeraosipoen inggih ngemohi perang (art. 1). Sadaja pasoelajan kedah pinoetoesan sarana ngambah margi katentreman, karoekoenan (art. 2).

Anggajoeh tentreming bawana! Pantjèn pantes dipoenaosi! Nanging, poenapa bedamèn-bedamèn anggajoeh tentreming bawana waoe, inggih notjogi kawontenanipoen??

Poenapa pandjenengan mangertos, bilih:

Kala taoen 1913, djagad gadah pradjoerit ingkang sampoen ginladi katahipoen 20 mlijoen? Nanging angka 20 mlijoen waoe, ing taoen '30 mindak dados 30 mlijoen??

Kawontenan satoenggal poenika, kémawon kénging kaanggé doedoetaning wawasan aksi wereldvrede.

Poenapa *The Sunday Times* boten dados slomprètipoen Lord Rothermere ingkang gadah pamanggih bilih bedamèn-bedamèn (-Inggris-Parangakik) boten saged kalestantoenaken kados wontenipoen sapoenika? Djer poenika makèwedi ébahipoen bangsa Inggris?

Poenapa serat-serat kabar ing Djepang boten ngangseg pitakènipoen dateng oetoesan Amérikah W. Cameron Forbes: Poenapa ingkang dados wawatonipoen Amérikah déné boten ngéngingaken loemebetipoen tijang Djepang wonten ing Amérika Sarikat?

Poenika, inggih kalebet ngalamat *praharaning* aksi perdamaian-doenia!

Rembag roekoen, poenika leresipoen pantjèn dédé rembagipoen konperènsi. Kados ingkang koela tjatoeraken kalih taoenan kapengker, kala koela angrembag Bedamèn-Kellogg, kagajoehing sedya waoe kedah adadasar *tresna sadjati.* Tresna ingkang makaten saèstoe saged anoewoehaken karoekoenan, aos-ingaosan, tepa salira, adil, saminipoen.

Koela boten maiben paédahipoen moesawaratan ing Geneve. Boten maiben bilih Geneve tansah amboedidaja sagedipoen kadoemoegèn djangkahipoen. Nanging poenapa badé ngedalaken woh ingkang ageng saèstoe, poenika manah koela taksih koemambang. Djer, katah kémawon warganing Geneve ingkang dèrèng poeroen angenggèni *pambegan internationaal.* Taksih katah ingkang moengal: „Iki prakarané pradjakoe déwé. Nagara lija ora kena mèloe-mèloe!" Mila, ... ing Geneve, inggih katah rembag-rembag ingkang prasasat mendoeng goegoeloengan, ingkang saged toemoeroen dados djawah deres kaworan bledèg njamber-njamber.

Karoekoenan poenika santosanipoen kedah kawiwitan saking tijang satoenggal sami satoenggal. Makaten sateroesipoen, ngantos mahanani roekoening bangsa sami bangsa.

Dados ing ngriki ladjeng tétéla, bilih rembag wereldvrede pantjèn dados bebahanipoen *djoeroe anggoela-wentah.*

Manawi satoenggal-toenggaling tijang dèrèng kandel dedasaripoen *katresnan dateng sesami,* kénging koela *pastèkaken:* sedya makaten waoe, badé namoeng *seratan.* Tegesipoen: *tjalon djoegar.* Malah kepara manawi wonten perang, ladjeng langkoeng ageng tinimbang ingkang sampoen-sampoen!

Makaten pamanggih koela!
Èwadéné koela inggih asesanti: „Tentrem,... tentrem,... tentrem,...!"

Kumuning saselé 16 Nov. '30

Taklim: *Patjar Mérah.*

CORRESPONDENTIE.

Saking Adm.: Abn. 495. Pendak kwartaal kémawon inggih prajogi, oegeripoen djangkep lo!
Jth. t. t. B. Soemadirja, Ngaglik, Srbj.; Djoewahir, Ngentak Senden, Blabag N. I. S.; E. J. Widijasoesanta, Petjangaan S. J. S., pandjenengan pindah dateng poendi???

Saking Red. Karangan-karangan ingkang sampoen katampi, nanging dèrèng saged kapatjak, poenika saking: Jth. t. t. Dirdja; Hoeroebisma. Red. matoer noewoen.

Rectificatie!

Sw. Tm. no. 46, tanggal 14 November 1930, pinanggih: Lan pandamelanipoen t. Demarquette angsala pitoewas kados makaten.

Leresipoen: Lan pandamelanipoen t. Demarquette angsala pitoewas; kados makaten *ingkang dados pangadjeng-adjeng koela.*

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa	6. -7.30.	Lamah	5.30 - 6 - 8.	Pekalongan [8])	6.30 - 8.	Kepandjèn	6 - 7 - 9.
Amboina	7.30.	Lawang [5])	7.	Pemangkat	8.30.	Anita Boul.	6 - 7.30 - 9.
Bagan Siapi-api	7.30.	Madioen	6 - 7.30.	Poerwokerto	7.30.	Soerakarta	6 - 7 - 8.30.
Bandoeng	6 - 7.30 - 9.	Magelang	7 9.	Poerworedjo	7 - 8.30.	Tandjoeng Balai	7.30.
Benkoelen	7.30 - 9.	Makassar	6 - 7.30.	Pontianak	7 - 8.30.	Tandjoeng Karang	8.
Blitar	7.30.	Malang	6 - 7.15 - 8.30.	Probolinggo	7.30.	Tandjoeng Sakti	7.30.
Buitenzorg	6 - 8.	Manado	6 - 7.30.	Salatiga	7.30.	Tara-Tara	7.30.
Cheribon	7.30.	Medan	6.30 - 8 - 8.30 (tjina).	Sambas	6 - 8.30.	Tegal	6.30 - 8.
Djember	7.30.		9.30 (mal.).	Sambong	8.	Tering	7.
Djokja:		Medari [6])	7.30.	Sawah Loento	7 - 8.30.	Tjilatjap [8])	7.30.
Kampementstraat Eur.	7 - 9.	Meester Corn.	7 - 9.	Sedajoe	7.	Tjimahi	6 - 8.
„ Jav.	6 - 8.	Mendoet	6 - 7.30.	Sedjiram	5.45 - 8.30.	Tomohon	7 - 8 - 9.
Kota Baroe	6 - 7.30.	Modjokerto	6 - 8.	Semarang:		Wates [7])	7.
Djombang [1])	7.30.	Moentilan	5 - 6 - 8.	Gedangan	6 - 8.	Weltevreden:	
Fort de Kock	7.30.	Muntok	8.	Bangkong	6.30 - 830.	Waterlooplein	5.45 - 7 - 9.
Gandjoeran [2])	7.	Ngawi [7])	7.30.	Tjandi	7.30.	Kramat	6 - 8 - 9 (mal.).
Gombong [3])	7.30.	Padang	7 - 8.15 - 9 (tjina).	Randoesari	7 - 9.	Wonosobo [8])	7.30.
Keboemèn [4])	7.30.	Padang Pandjang	7.30.	Singkawang	6.30 - 9.	Woloan	8.30.
Kediri	7.30.	Pajakoembo	7.30.	Soekaboemi	6 - 7.30.		
Klatèn	7.30.	Palembang	7 - 9.	Heuvel	5.30.		
Koeta Radja	6.30 - 8.	Pasoeroean [1])	7.30.	Soerabaja:			

[1]) 1e. Achad. [2]) 1e. + 3e. Achad. [3]) 2e. Achad. [4]) 1e. Achad tiap[2] doea boelan. [5]) 1e., 2e., 4e. Achad. [6]) 2e., 4e. Achad. [7]) 3e. Achad. [8]) 3e. Achad.

tjang repot dateng loerah Setjang (djam 12 daloe 17 November). Loerah Setjang tandang, dipoenteraken Tionghoa Medana (Sarapadan) ingkang keleresan mbekta motor. B. Marto kabekta dateng Kawedanan Pringsoerat.

Landi ngakenipoen dateng Bok Marto, nama Johan, Kranggan, Semarang. Sopir grijanipoen ing kampoeng Sekajoe Semarang.

Begdja B. Marto: njawa taksih woelet, lan taksih nganggé soesoepé, mèh kémawon banda nggéndong njawa.

Pènget: menganggé kedah samoerwat. Sadèrèk doesoen oetawi soedagar katah ingkang nganggé benik dinar, wiwit djangga doemoegi tjingklok. Mripat bandiet kedèp tismak anggènipoen ngawasaken. Lha sapoenika malah wonten Welandi mbandiet. Toedjoenipoen sopir boten dipoen djenkangaken, motor kabekta mladjeng pisan, (manawi megoeroe dateng bioskoop).

Rembag Balé Agoeng.

Kala 11 Nov. parepatanipoen B.O. P. P. K. D. lss. moetoes boten ngadjengi rantjangan B. A. kados ingkang sampoen kaewrat ing serat[2] kabar.

Dirèktoer Onderwijs.

Tanggal 18 lan 19 Nov. poenika Dirèktoer onderwijs prof. Schrieke wonten Ngajodja.

Kaoem mérah pista.

Mèngeti parté kominis Roeslan.

Kala tanggal 7 wantji gagat èndjing, wiwit satjelakipoen kantor Justitie doemoegi pabrik Generaal Motors Tandjoeng Prijoek, ing saoeroeting margi katingal wonten gandéra abrit pinandjer, mawi seratan basa Mlajoe. Oegi wonten serat-serat sebaran sami katèmplèkaken, njarijosaken bilih tanggal 7 November '30 poenika pangèngetènget madegipoen parté kominis ing Roeslan sampoen tigawelas taoen. Gandéra-gandéra karampas. Ing serat sebaran anjeboetaken oegi sakedap malih badé wonten aksi nglawan kaoem hartawan. Poelisi pados katrangan.

Nanggoelangi madat.

Nagari kapareng ngedalaken arta kanggé ambijantoe pakempalan Anti Madat ing Betawi, Orde van goede Tempelieren ing Betawi, toewin Anti Madat ing Bandoeng katahipoen f 5000,— f 1500 toewin f 4700 kanggé nanggoelangi njerèt.

Koesir dokar kadajan malaise.

D. S. martosaken: Saking Pekalongan dateng Kedoengwoeni poenika soewaoe dokaranipoen f 0,75 sapoenika f 0,40. Kedoengwoeni — Bodjong, waoenipoen f 0,45, sapoenika f 0,20. Mangga pinten % soedanipoen? Manawi paosipoen boten dipoensoeda rak inggih mesakaken sanget, ta!

Pamedalipoen nagari soeda 44 joeta.

Wiwit woelan Djanoewari doemoegi akiripoen Agoestoes taoen poenika, pangasilanipoen nagari wonten f 401.644.818. Mangka taoen kapengker ing woelan waoe f 446.519.184. Dados soeda 44 mlijoen roepijah.

Konggrès P. P. I. I.

Béndjing 17 Désèmber doemoegi 19 Désèmber ing Soerabaja badé kanggé ngadjangi konggrès P.P.I.I. ingkang kaping kalih.

Arta kertas ingkang karisak.

Salebetipoen woelan October, arta kertas ingkang karisak ing Algemeene Kamer: damelan Nederland 480.000 lembar à f 2,50, lan kertas njaroepijahan 880.000 lembar. Damelan Amérika: arta kertas njaringgitan 40.000 lembar.

Centraal Seminarie.

Kanggé pandita Protestant bangsa Indonesia.

Rerembaganipoen para wawakiling pasamoewan Protestant ing Betawi, amoetoes anetepaken wontenipoen studiecommissie ingkang kapoerih njinaoe badé ngadegaken centraal seminarie wonten tanah Djawi kanggé pandita bangsa Indonesia, dangoening pasinaon nem taoen, ingkang moelang goeroe-goeroe wedalan akademi.

Woeloe wedaling siti.

Pambantoe *Bat. Nieuwsblad* ing Soekaboemi njarijosaken bilih tetijang tani inggih sami toemoet ngraosaken pamalinderipoen pangiridan. Klapa 1000 wonten ing peken namoeng dipoenawis f 10,— dados namoeng sasèn satoenggal. Kapoek ingkang waoenipoen regi f 3,50 satengah, namoeng dipoenawis f0,70—f 1,—.

Njoeda oekoeman.

Papriksanipoen tijang ingkang medjahi administatoer ing Aloergading Deli, t. Waller sampoen rampoeng.

Tijang tiga ingkang kapoetoes kaoekoem pedjah, sami njoewoen pangapoenten (gratie) dateng Ingkang Witjaksana, sarta oekoemanipoen ladjeng kaéwahan dados kaoekoem salaminipoen gesang.

Kadjawi poenika wonten dakwa prakawis Waller katahipoen 33 sasampoenipoen kapoetoes ing Landraad kapatrapan paoekoeman, sami nglampahaken panjoewoenan gratie, sarta kaparengaken, soedaning oekoemanipoen ratjak ngantos sapalih kadosta:

Dakwa nomer satoenggal kapoetoes 7 taoen, sasampoenipoen njoewoen gratie kasoeda dados 3 taoen.

Dakwa nomer kalih kapoetoes 12 taoen, éwah dados 4 taoen.

Dakwa nomer tiga: 7 taoen, éwah dados 3 taoen.

Dakwa nomer sakawan: 7 taoen, éwah dados 3 taoen.

Dakwa nomer gangsal: 8 taoen. éwah dados $3^1/_2$ taoen.

Dakwa nomer nem: 7 taoen, éwah dados 3 taoen.

Dakwa nomer pitoe: 7 taoen éwah dados 3 taoen.

Dakwa nomer woloe: 8 taoen, éwah dados $3^1/_2$ taoen.

Dakwa nomer sanga: 7 taoen, éwah dados 3 taoen.

Dakwa nomer sadasa: 6 taoen, éwah dados $2^1/_2$ taoen.

Makaten saladjengipoen *[Deli Crt]*.

Kopi malang. soeda.

Margi pandjanging mangsa ketiga, kopi ing kaboedidajan-kaboedidajan Malang Kidoel, sapalih boten medal, bokmanawi pamedalipoen badé soeda 40.000 pikoel tinimbang mestinipoen.

MANTJA NAGARI.

BARITANIJAH. Pogokan poenggawa sepoer?

Tilgram saking Londen 17 Nov. njarijosaken pakempalanipoen para poenggawa sepoer anampik poetoesanipoen maskapé-maskapé sepoer anggènipoen nedya ngedakaken berahaning poenggawa-poenggawanipoen. Tetijang sami koewatos, manawi golongan maskapé ngentjengi poetoesanipoen, bokmanawi badé wonten pogokan oemoem kanggé kaoem berah sepoer.

INDO CHINA. G. G. Indonesia mèh katjilakakan.

Kados ingkang katjarijosaken ing serat-serat kabar. G. G. Indija saweg martamoe dateng Indo China.

Kala 7 November boten let dangoe kalijan langkoengipoen extratrein ingkang dipoentitihi G. G. Indija lan G. G. Indo China, dateng Hanoi lan Hue, ing saoeroeting margi sepoer Annam Lèr wonten gègèran. Wantji tengah daloe, wonten tijang koeminis 600 nradjang padjagén militèr ing Canloc, nanging saged kaoendoeraken kanti kétjalan kantja kalih pedjah, tiga tatoe.

Ing Huongson, kantja kominis inggih tjampoeh kalijan patroli, nanging saged kabibaraken.

Tijang kominis 500 madjeng dateng Yenthan badé ngrebat setatsijoen Chasi, sarta nawan sèp-setatsijoen, sèp setatsijoen saged loear. Tijang kominis poenika ingkang pedjah 4, tatoe 4, sarta ladjeng saged kabibaraken. Éndjing djam 9, kominis sami nggolong (wonten 1.500) nempoeh bètèng Phudien nanging, inggih saged kaoendoeraken, sarta kétjalan kantja 30 pedjah.

DJERMAN. Anti Sovjet.

Ing Djerman mentas wonten meeting anti-sovjet.

SEPANJOL. Pogokan.

Tilgram tanggal 16 Nov. njarijosaken pogokan ing Madrid saja dangoe saja katawis anggènipoen asipat brontak, amila nagari ladjeng angoendangakan oendang perang. Toko-toko sami katoetoep, margimargi sepen, ingkang ngalèr ngidoel namoeng soeldadoe djagi. Pawartos tanggal 17 njarijosaken toko-toko sampoen kabikak. Ing Barcelona oegi wonten pogokan, ambelani Madjrid.